


BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Métodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu déskriptif. Panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun méré gambaran ngeunaan karakter hiji *variable*, kelompok atawa kajadian sosial nu aya di masarakat (Triyono, 2013, kc. 32). Sipat panalungtikan déskriptif nyaéta ngajelaskeun saayana, sakumaha nu kapanggih di lapangan kalawan medar pasualan nu jadi puseur panalungtikan. Métodeu panalungtikan dilakukeun ku cara ngumpulkeun data dilapangan, tuluy ngolah data nepi ka kapanggih kumaha struktur jeung unsur karangan siswa dina nulis otobiografi, tuluy diukur keterbacaana supaya bisa dijadikeun bahan ajar maca anu saluyu jeung nu maca.

3.1 Desain Panalungtikan

Dumasar rumusan masalah jeung tujuan panalungtikan nu aya dina BAB I, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho kumaha analisis karangan otobiografi karangan siswa dumasar struktur jeung unsurna anu satuluyna bakal diukur tingkat keterbacaana nepi ka bisa jadi modél téks bahan bacaan. Desain panalungtikan nyaéta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, nu jadi dasar kagiatan nu rék dilaksanakeun (Arikunto, 2010, kc. 90). Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta hasil nulis karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh karangan otobiografi siswa SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017 leuwih dihususkeun deui di kelas X-MIA-1. Ari tujuanana pikeun mikanyaho kumaha analisis karangan dumasar struktur jeung unsurna dina nulis otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017 anu satuluyna bakal dianalisis keterbacaanana pikeun dijadikeun bahan ajar maca.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan aya dua nyaéta téhnik tés jeung studi dokumentasi. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data sedengkeun dokumentasi mangrupa karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-I SMA Pasundan 8 Bandung taun Ajaran 2016/2017, satuluyna éta hasil tés wacana karangan siswa téh bakal diukur keterbacaana ngagunakeun grafik *Fry*, ari ngumpulkeun datana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Ngumpulkeun hasil karangan siswa ngaliwatan tés.
- b. Ngumpulkeun lembaran dokuméntasi/karangan.
- c. Ngodean data karangan otobiografi.
- d. Ngumpulkeun struktur karangan otobiografi tina karangan siswa.
- e. Ngumpulkeun struktur karangan otobiografi tina karangan siswa.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés ngarang jeung kartu data.

- a. Eusi lembar tés ngarang mangrupa pituduh jeung katangtuan pikeun nulis karangan, sarta lembar karangan anu mangrupa kertas kosong pikeun ngarangna. Ieu lembar tés ngarang diébréhkeun saperti bagan 3.1

Bagan 3.2 Lembar Tés Ngarang

Soal Tés

Hidép boga lalakon carita séwang-séwang ti mimiti borojol, dibéré ngaran ku indung jeung bapa, pangalaman anu berkesan, nepi ka ayeuna hidép geus déwasa. Pék lalakon hirup hidép ébréhkeun dina hiji tulisan.

Jieun hiji karangan otobiografi, kalawan niténan katangtuan ieu di handap.

- 1) Gunakeun basa jeung éjahan anu merenah.
- 2) Gunakeun tanda baca luyu jeung aturan.
- 3) Cumponan unsur-unsur nu kudu aya dina nulis otobiografi.
- 4) Panjang karangan minimal 3 paragraf.

Jawaban

Wasta :

Kelas :

Ping :

- b. Kartu data pikeun nganalisis struktur jeung unsur karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-I SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2016/2017 pikeun bahan ajar maca. Dina lembar *observasi* dokumen dicatet informasi mangrupa nomer data, struktur karangan otobiografi jeung unsur karangan otobiografi supaya mikanyaho nyumponan henteuna éta karangan. Formatna bisa katitén ieu di handap :

Format Kartu Data

(KO10/2/U2/K1)
Data :
Analisis Data:

Keterangan : KO10 = Karangan Otobiografi ka-10

2 = Analisis ka-2 nyaéta ngeunaan unsur otobiografi

U2 = Unsur otobiografi ka-2

K1 = Kalimah ka-1

Format rékap pikeun mikanyaho nyumponan henteuna éta karangan tina sakabéh nu dianalisis.

Tabél 3.1
Format Rékap Analisis Struktur jeung Unsur Karangan Otobiografi Siswa
Kelas X MIA 1 SMA Pasundan 8 Bandung

Kode	Struktur		Unsur Karangan Otobiografi								Analisis
	Mrn	K Mrn	1	2	3	4	5	6	7	8	
KO1	√		√	TL	(-)	K	K				

Keterangan : KO1 = Karangan Otobiografi ke-1

Mrn = Merenah

K Mrn = Kurang Merenah

1 = Unsur ka-1. Jst

TL = Teu Lengkep

K = Kurang

(-) = Teu aya

3.5 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun, satuluyna bakal diolah maké téhnik analisis unsur langsung kalawan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- a. mariksa deui data karangan otobiografi nu geus dikumpulkeun;
- b. nyieun papasingan data;
- c. ngadéskripsikeun unsur jeung struktur karangan otobiografi;
- d. ngukur keterbacaan karangan otobiografi ngagunakeun rumus grafik *Fry*;
- e. nangtukeun karangan anu luyu pikeun bahan ajar maca;
- f. napsirkeun karangan otobiografi pikeun bahan ajar maca; jeung
- g. nyieun kacindekan.